**REZYUME.** Rol ustida ishlash jarayonida spektaklning oliy maqsadini va har bir personajning yetakchi xatti-harakatni to‘g‘ri belgilash, butun jamoaning g‘oyaviy yuksakligini, intilishini, man’aviy darajasini, badiiy fikri teranligining ko‘rsatkichiga aylanadi. Stanislavskiy yaratgan “kechinma san’ati” asoslari va yangi aktyorlar avlodining shakllanishi.

**РЕЗЮМЕ.** В процессе работы над ролью правильное определение высшей цели спектакля и руководящего поведения каждого персонажа становится показателем идейной высоты, стремления, духовного уровня и глубины художественной мысли всего коллектива. Основы «искусства опыта», созданного Станиславским, и формирование нового поколения актеров.

**SUMMARY.** In the process of working on a role, the correct definition of the highest goal of the performance and the leading behavior of each character becomes an indicator of the ideological height, aspiration, spiritual level and depth of artistic thought of the entire team. The foundations of the "art of experience" created by Stanislavsky and the formation of a new generation of actors.

## ВОКАЛ ҮЙРЕТИЎ ПРИНЦИПЛЕРИ ҲӘМ МЕТОДЛАРЫ

**Ж.А.Қуламбетова** – *оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

*Барлық даўыслар тәбиятынан кемшиликлерден ибарат болып, оқыўды талап етеди, оның мақсети кемшиликлерди дүзетиў ҳәм даўысты жетилистириў.*
**М.Глинка**

**Таяныш сөзлери:** даўысты сазлаў қағыйдалары, вокал еситиў мәселелери, вокал көнликпелери, даўыс гигиенасы ҳәм режими.

**Ключевые слова:** правила настройки голоса, вопросы вокального слуха, вокальные навыки, гигиена и режим голоса.

**Key words:** rules of voice tuning, vocal hearing issues, vocal skills, voice hygiene and regime.

Вокал үйретиў процесинде оқыўшы тек ғана қосықшылық ҳаўаз пайда болыўы ҳаққындағы билимлерди ийелеп қоймастан онда вокал-техникалық, көркем өнер көнликпелери қәлиплеседи, жетилиседи, даўысы, атқарыў қәбилети, музыкалық-эстетикалық талғамы, ақылый қәбилети: еслеп қалыў, бақлаўшылық, пикирлеў, қыял, сөйлеў, әдеп-икрамлылық сезимлери, ерк-ықрары раўажланады.

Даўысты қойыў - бул дурыс қосық айтыў көнликпелерин ислеп шығыў, яғный даўысты раўажландырыў ҳәм үйретиў. Қойылған даўыс жаңғырығы, сулыўлығы, тембр бояўының байлығы, диапазонының кеңлиги; сөзлердиң айтылыўының анықлығы, интонацияның тазалығы менен ажыралып турады.

Физиологлар даўысты орнатыў ҳаққында не дейди? Сахналастырыў процесинде булшық етлердиң жумысы нәзик дифференциалласады. Керекли байланыслар, рефлекслер пайда болады, ислеп шығарылады, керек емеслери тормозланады, артықша ҳәрекетлер ҳәм күшлениў жоғалады, турақлы вокал көнликпелери қәлиплеседи, нәтийжеде даўыс күшли, таза, еркин жаңлай баслайды.

Даўысты қойыў усыллары (вокал мектеплеринде) ҳәр түрли болыўы мүмкин, бирақ олардың барлығы жумыстағы улыўмалық принциплер ҳәм басқышларға сүйенеди: дем алыўды раўажландырыў ҳәм жетилистириў, резонаторлардан пайдаланыў, позиция (еснеў), сес ҳүжимлери ҳаққында түсиник ҳәм көнликпелерди өзлестириў; техникалық вокал усылларын өзлестириў, артикуляция аппараты менен шынығыўлар.

В.Морозов өзиниң «Вокал еситиў ҳәм ҳаўаз» шығармасында былай деп жазады: «Адам ҳаўазы – «тири музыка әсбабы», скрипка ямаса фортепианоға қарағанда бир неше есе қурамалы, тек музыка емес, бәлким физиология нызамларына да бойсынады. Онда «атқарыў» ушын оның ең кеминде тийкарғы «техникалық қәсийетлерин» билиў керек».

Вокал еситиў - қосықшының даўыс пайда етиў органлары искерлигин еситиў сезими тийкарында талқылаў қәбилети деп айтыўымыз мүмкин. Бунның дәлийли бизлер қосықшылық сестиниң кемшиликлерин ямаса оның абзаллықларын тәрийиплеўши атамалар болып есапланады: аўыр-жеңил, тамақлық-көкиреклик, бослық-қарынлық, терең-жақын,

қараңғы-жарық ҳәм т.б. 1905-жылы биофизик П.П.Лазарев жақтылықта сеслер қараңғыданда күшлирек еситилиуйин ашты. Солай етип, еситиў ҳәм көриўдиң өз ара байланыслылығы дәлилленди. Соның ушын шығып сөйлеў ўақтында филармония заллары жақсы жақтыландырылған болыўы керек. Сондай-ақ, Н.А.Римский - Корсаков, А.Н.Скрябинниң музыканы «реңли» қабыллаўы да белгили, бунда көриў тәсирлери еситиў тәсирлерине айқын эмоционал характер береди. Вокал еситиў - бул тек еситиў емес, бәлким «көриў», даўыс пайда етиўши органлардың искерлигин көз алдымызға келтириў қәбилети есапланады. Бул жумыста, әлбетте, дыққат, өз сезимлерин «тыңлаў» ҳәм усы процесслерди «көз алдына келтириў» яғный «ишки көз бенен» көриў қәбилети жәрдем береди. Айнаның жәрдеминде өз денесин қадағалаў үлкен жәрдем береди. Вокал өнерин үйрениў узақ, машақатлы процесс болып, онда системалылық жүдә әҳмийетли.

Француз алымы Р.Юссон вокал еситиў деп аталыўшы физиологиялық тийкары организмниң ҳәр қыйлы системаларының (еситиў, булшық ет сезими, вибрациялық сезиўшеңлик, көриў ҳәм басқалар) өз ара бирге ислесиўи екенлигин экспериментте дәлиллеген.

Вокал еситиў - бул тек еситиў емес. Қосықшы өзин-өзи еситпейди, дурысырағы, айналасындағылардай еситпейди. Өз даўысының сести бизиң қулағымызға тек сырттан ғана жетип келмейди, ал еситиў органына иштен де тәсир етеди. Соның ушын да адам өз даўысының тембрин әтирaптағыларға қарағанда басқаша қабыл етеди. Сол себепли қосықшы өз әспабы сестиң сыртқы тыңлаўшы позициясынан баҳалайтуғын басқа атқарыўшылардан (скрипка, пианино, виолончель) парық қылады.

Соны есапқа алыў зәрүр, өз даўысының сести менен бир ўақытта қосықшының нерв системасы ҳәр қыйлы сезиў органларынан жүдә көп муғдардағы сигналларды (ямаса қозғаўларды) қабыллайды. Бул жағдайда да вокал педагогының роли - бул қадағалаўшы «сыртқы қулақ»тың роли есапланады. Педагогтың жаңғырыўды көрсетиўи даўысы функциясына улыўма тәсир етиў ҳәм оны керекли бағдарда шөлкемлестириў имканиятын береди. Усы жағынан да сести қабыллаў даўыс органлары арқалы әмелге асырылыўы ҳәм нәтийжеде еситиў ҳәм даўыс арасындағы рефлектор байланыс белгилениўи де үлкен әҳмийетке ийе. Сес ҳәм керекли ҳәрекетлерди көрсетиў тиккелей сезиў органларына (еситиў ҳәм көриў) тәсир ететуғынлығы себепли, оның қолланылыўы, әлбетте, инсанның тәкирарлаў қәбилети менен тығыз байланысады. Ал, ҳәрекет, әсиресе, сөйлеў ҳәм вокал көнликпелерин өзлестириўде ең қысқа жол есапланып, бул көнликпелерди үйретиўде үлкен орынды ийелейди.

Сезим органларына таяныўы, көргизбелилиги ҳәм түсиниклилиги себепли көрсетиў балаларды вокалға үйретиўде оғада әҳмийетли. Олардың тәкирарлаўға болған тәбийий уқыплылығын пайдаланыў имканиятын береди. Балалар сөйлеўди үйренеди, оларда сеслерге ҳәм сөйлеў органларының ҳәрекетлерине еликлеў жәрдеминде даўыс функциясы раўажланады. Соның ушын да даўыс пенен көрсетиў кишкене қосықшыларды вокалға үйретиўди тәбийий жол менен алып барыўға мүмкиншилик береди.

Сести көрсетиўде эмоционал ҳәм эстетикалық тәсир көринеди. Бул балалар менен ислесиўде жүдә әҳмийетли, себеби оларда эмоционал тәсиршеңлик үлкен болады. Толық, вокаллық-көркем, тәсирли көрсетиў, әлбетте, балалар тәрепинен жүдә аңсат қабыл етилетуғын эмоционаллық көриниске ийе болады. Нәтийжеде оларда керекли кейпият пайда болады ҳәм жуўап реакциясы сыпатында еситкенлерин тәкирарлаў, қосық айтыў тилеги пайда болады.

Бирақ жаңлаўды көрсетиўде балалар тек педагог көрсетпекши болған сес сыпатларын ғана емес, ал пүткил сести: тембрдиң индивидуал характери ҳәм оның барлық унамлы ҳәм унамсыз өзгешеликлерин де қабыл ететуғынын ҳәм көширип алыўы мүмкинлигин есапқа алыў керек. Соның ушын педагог даўысының жаңлаўы төмендеги талапларға муўапық болыўы шәрт:

1) академиялық жаңлаўдың тийкарғы сыпатлары бойынша толық болыўы;

2) кемшиликлери болмаўы (тамақ, мурын даўысы, тезлесиўи;

3) балалар менен ислесиўде олардың даўысларының жаңлаў характерине максимал жақынласыў.

Демек, иллюстрация жақын, дөңгелекленген, тегис, жетерли дәрежеде таянышлы, позициясы бойынша жоқары ҳәм тембри бойынша (тәбийий мағлыўматларға байланыслы) сулыў жаңлаўда әмелге асырылыўы керек.

Муғаллимниң даўыс шығыўында кемшиликлер болған жағдайда, даўыс шығарыўдың усы кемшиликлерди жасырып туратуғын усылын қолланыў керек. Тереңлескен жағдайда көрсетиўди жақын даўыс пенен әмелге асырыў керек. Күшли сес пенен көрсетиў мүмкин емес, ол балалар менен ислеўде жүдә зыянлы. Егер бул кемшиликти сөндириў ямаса дүзетиў мүмкиншилиги болмаса (мысалы, балалар жүдә аңсат ҳәм турақлы түрде көширетуғын мурын сеслери болғанда), даўыс пенен көрсетиўди қолланыўды кескин шеклеў керек.

Муғаллимниң көрсетпесин балалар ҳаўазының жаңлаўына жақынластырыў вокал-техникалық жумысларда, қосықларды айтыў ҳәм өзлестириў ўақтында айрықша зәрүр. Балалар менен ислесиўде сести көрсетиў менен бир қатарда артикуляция органлар: ерин, төменги жақ, тил ҳәрекетин көрсетиўден кең пайдаланыў мүмкин. Артикуляция органларына бундай тәсир көрсетиў арнаўлы вокал үйретиў усыллары - булшық ет ҳәрекетлери, яғный даўыс аппараты ағзаларының арнаўлы түрде шөлкемлестирилетуғын ҳәрекетлерине тийисли. Артикуляция ағзаларының көрсетилген ҳәрекетлеринен тийкарғы булшық ет ҳәрекетлери төмендегилерден ибарат: еснеў, дем алыўды услап турыў, қосық айтқанда дем алыў жағдайын сақлап қалыў. Балалар менен ислесиўде, әсиресе, киши классларда дем алыўға байланыслы булшық ет усылларын қолланыў бир қанша қыйынласыўы мүмкин, себеби оларды әмелге асырыў ҳәрекетлерди саналы түрде тәртипке салыў ҳәм булшық етлерди анық басқарыў менен байланыслы болып, киши жастағы қосықшыларда бул ҳәлсиз раўажланған. Соның ушын киши класс балалары менен басланғыш жумыстың тийкарғы ўазыйпасы оларда тегис, тыныш дем алыўды шөлкемлестириў болады ҳәм фонатация басланыўынан алдын тек ғана дем алыўды иркип турыў жетерли болады.

Вокал педагогикасында ең көп тарқалған ҳәм нәтийжели болған арнаўлы оқытыў усылы - фонетикалық болып, ол оқыўшылардың сөйлеў тәжирийбесине таяныў, жақсы шөлкемлестирилген, анық сөйлеў стереотиплерин тартыў имканиятын береди. Егер қосықшылық фонациясы сөйлеў фонациясынан кескин парық қылса да, оның тийкарында қәлиплесетуғынын есапқа алсақ, бул жүдә әҳмийетли. Балаларды қосық айтыўға үйретиўде фонетикалық метод айрықша әҳмийетке ийе. Ол бала санасына ең көп бойсынатуғын сес аппаратының бөлими - артикуляциялық органлардың актив ислеўине тийкарланған. Бизге белгили, балалардың артикуляциялық органлары әдеўир бослығы менен ажыралып турады. Усы методтың өзи бул кемшиликке қарсы гүресиўге ҳәм артикуляциялық аппаратының актив дурыс функциясын жолға қойыў жәрдеминде тамақ ҳәм дем алыў органларының жумысын активлестириўге жәрдем береди.

Арнаўлы вокал усылларына М.И.Глинканың «концентрик» усылы да киреди. Бул метод бойынша оқытыўды оқыўшының даўыс диапазонының ортасынан, «ҳәр қандай күшейтиўсиз» (примар сеслер) тонларынан, оларда зәрүр профессионал жаңлаў сыпатларын қәлиплестириўден баслаў керек. Соң бундай жаңлаўды даўыс диапазоны бойынша жоқарыға ҳәм төменге әсте-ақырын тарқатыў. Бул усылдың өзине тән өзгешелиги - қосықшыны таярлаўда терең ҳәм индивидуал қатнас жасаў. М.И.Глинканың педагогикалық қағыйдалары вокал оқытыўдың заманагөй методикасы тийкарында жатады.

**Вокал көнликпелери.** Қосықшы вокал методы, атқарыў шеберлигине ийе болмай турып, вокалист бола алмайды. Соның ушын да вокал методының биринши ўазыйпасы қосықшылық даўысты дурыс жолға қойыў усылларын қәлиплестириў, оларды тәрбиялаў болып есапланады.

Вокал көнликпелерин даўыс ҳәрекети көнликпелери деп есаплаў қабыл етилген. Вокал көнликпелерин пайда етиў ҳәм олардан пайдаланыў процесинде қосық айтыў ўақтында қосықшыда пайда болатуғын барлық сезимлер әҳмийетли. Бул ең дәслеп ол айтқан сестен пайда болатуғын еситиў сезимлери. Оқыўшы оларды еситиў сезиўлери менен салыстырады, олар тийкарында ол сести еситтирди. Бул сезимлер арасында айырмашылық болғанда (қәтелик) ҳаўаз аппаратының ислеў усылларын дүзетиў менен дурыс керекли сести айтыўға жаңадан урыныў (сынақ) исленеди. Сынақлар айтылып атырған сес көрсетилип атырған сес нормасына сәйкес келиўи менен тамамланады. Сонда даўысты пайда етиўдиң керекли усылы табылады.

**Гигиена ҳәм даўыс режими.** Бала даўысының қорғалыўы бала организминиң турақлы өзгериўшеңлиги, өсиўи, мутация менен тығыз байланыслы. Балалар менен ислеўде олардың физикалық жүклемелерге шыдам бериў қәбилети сыяқлы өзгешелигин бәрқулла есапқа алыў керек.

Қосық айтыў физиологиялық процесс болып, оның даўамында дем алыў, қолайлы ҳәм қолайсыз теситураларда ислеў, вокал позициясын сақлаў ҳәм, ақырында, узақ ўақыт даўам ететуғын репетиция ҳәм концерт шығыўларына шыдамлылық пенен байланыслы үлкен энергия сарыпланады. Басшы жүклемеге шыдам бере алмайтуғын жас артистлердиң денсаўлығына бәркулла итибарлы болыўы керек. Балалар менен шынығыўларды самаллатылған, қапырық емес жерлерде өткериў керек. Жумыстың сондай ритмине бойсыныў зәрүр, бунда балалар шынығыўлардың репетициялық саатынан кейин кернеўди шығарыўға жәрдем беретуғын дем алыўға (тәнеписке), қурамалы сабақтан кейин өзине тән «реабилитацияға» ийе болады. Дәслепки ўақытта, "даўыс еле уйықлап атырған" ўақытта ямаса кешки ўақытта, баланың биологиялық уйқысы келетуғын ўақытта репетицялар өткериў мақсетке муўапық емес. Бундай жағдайда бала даўысына күш көрсетиледи, оның тәбийий жаңлаўына тосқынлық етеди, баланың денсаўлығына зыян жеткериўи мүмкин.

Педагог ҳаўаз аппаратына суўық, ыссы, шаң зыянлы тәсир ететуғын нәрселерди есапқа алыўы керек. Даўысты қатты сөйлеў ҳәм зорлап (қышқырып) қосық айтыў, қолайсыз (жоқары, төмен) тесситураны пайдаланыў, қыйыншылығы бойынша жоқары дәрежедеги репертуарды атқарыў даўысты ҳәлсиретеди. Қосық айтыўдан алдын тамақты қозғатыўшы затты жеўге болмайды: ашшы, дузлы, ыссы, суўық, шоколадлы конфет ҳәм мазалы затлар. Шаршаў даўысқа унамсыз тәсир етеди. Даўыс аппаратының кеселликлеринде, шаршаўда сабақларда болыў усыныс етилмейди, себеби бұл жағдайларда даўыс тынышлықта болыўы керек. Қосықшылар ушын даўыс аппаратының ҳәр қыйлы кеселликлерине ҳәм әсиресе аязлаўға жоқары бейимлилик характерли. Бул соның менен тусиндириледи, даўыс органлары қосық айтқанда күшейтилген жумыстан кейин әдеўир узақ ўақыт қызады ҳәм соның ушын да ашыўды ямаса кеселликти келтирип шығарыўы мүмкин болған барлық факторларға және де сезгир ҳәм қабыл етиўши болады.

Ең көп ушырасатуғын аязлаў кеселлиги - мурынның ағыўы. Кеселлик онша аўыр емес, төменге - тамаққа түсиў қәбилети унамсыз болып, бул көбинесе қосықшы тумаўып қосық айтқанда жүз береди.

Биринши күни тумаў келгенде даўыс әдетте жаңлайтуғын болады. Бирақ бундай жағдайда қосық айтқаннан кейин даўыс булшық етлери узақ ўақыт босасады ҳәм ҳаўаз узақ ўақыт өзиниң жаңғырығын жоғалтады. Өткирден басқа узақ даўам ететуғын - созылмалы тумаўлар да болады. Олардың екеўин де қатаң емлеў зәрүр, себеби оларда мурын толық ямаса бир бөлегин өширеди, ал бул болса қосық айтыўға мүмкиншилик бермейди ямаса оның сапасын төменлетеди.

Тамақтың аязлаў кеселликлеринде - өткир ларингитлерде тек силекей қабат емес, ал даўыс қатламлары да зыянланып, олардың бир-бирине жақсы келмеўи бақланады. Аязлаў ларингитлери тез өтип кетеди, бирақ олардан кейин бүрмелердиң бир-бирине жақынласпаўы узақ даўам етиўи мүмкин. Мурын ямаса жутқыншақтың ҳәр қандай кеселлиги тамақ ушын изсиз өтпейди. Ол анаў ямаса мынаў дәрежеде аўырыў процессине катнасады. Дем алыў жолларының жөтел менен бирге келетуғын барлық аязлаў кеселликлери даўыс байламлары ушын оғада жағымлы емес. Өз-өзинен бул симптом аўыр емес. Бирақ жөтел даўыс қатламларына күшли дем шығарыў түртилислери, олардың жарақатланыўы менен байланыслы. Соның ушын онша үлкен болмаған жөтел де даўыстың жағдайын төменлетип жибериўи мүмкин.

Барлық қағыйдалар бала даўысына байланыслы барлық гигиена қағыйдалары оғада муқыят орынланыўы керек. Балалар ҳаўазын қорғаўдың ең тәсиршең усылларынан бири вокал үйретиў, яғный тек ғана ҳаўаз аппаратының раўажланыўын емес, ал оның нормал функциясын тәмийинлейтуғын қосықшылық көнликпелерин ийелеў болып есапланады. Балалар даўысын қорғаў тийкарынан төмендегилерден ибарат:

1) күнделикли турмыста даўысқа тийисли гигиеналық қағыйдаларға әмел етиў бойынша түсиндириў жумысларына;

2) қосықшылық пенен шуғылланыў ўақтында зәрүр болған режимге итибар бериў;

3) айрықша вокал уқыбы бар балаларды анықлаў ҳәм раўажланыўын айрықша бақлаў.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Дмитриев Л.Б. Основы вокальной методики. М.: Музыка, 2007 г.
2. Емельянов В.В. Развитие голоса. Координация и тренинг. С-Пб:. 2000г.
3. Лаврова Е.В., Коптева О.Д., Д.В. Уклонская. Нарушения голоса. М:. 200.
4. Менабени .А.Г Методика обучения сольному пению. Просвещение 1987г.

5. Орлова О.С. Нарушения голоса у детей. Астрель. М:. 2005.

**РЕЗЮМЕ.** Мақалада барлық тәрийипленген усылларды қолланыў вокал көнликпе ҳәм уқыплылықларды қәлиплестириў, музыкалық уқыплылықларды, қосықшылық ҳаўаз пайда етиў тараўындағы билимлерди раўажландырыўдың зәрүр шәртли тәреплери айтылады.

**РЕЗЮМЕ**. В статье описываются необходимые условия применения всех описанных методов для формирования вокальных навыков и умений, развития музыкальных навыков и знаний в области вокального звукообразования.

**SUMMARY.** The article describes the necessary conditions for applying all the described methods for the formation of vocal skills and abilities, the development of musical skills and knowledge in the field of vocal sound production.

## МУСИҚАЛИ ДРАМА СПЕКТАКЛЛАРИДА ҲАМКОРЛИК МАСАЛАЛАРИ

**Баходир Назаров –** *доценти в.в.б.*
*Ўзбекистон давлат санъат ва маданият институти*

**Таянч сўзлар:** театр, кино, спектакль, режиссор, образ, характер, жанр, труппа.
**Ключевие слова:** театр, кино, спектакль, режиссер, образ, персонаж, жанр, труппа.
**Key words:** theater, cinema, performance, director, image, character, genre, troupe.

Ўзбек мусиқа санъатида ҳам, адабиёт ва тасвирий санъат соҳаларида бўлгани каби “мусиқали драма”, “мусиқали комедия”, “оперетта”, “опера”, “балет”, “симфония”, “романс” каби мусиқа атама турлари ижобий ўзлаштириб олинган. Мазкур соҳаларнинг деярли ҳар бирида миллий руҳ билан суғорилган ва айни чоғда умуминсоний қадриятлар қаторидан ўрин олишга қодир бўлган асарлар яратилган ва улар ота-боболаримиздан мерос бўлиб асрлар оша келаётган анъанавий мусиқа бойликларимиз билан бир қаторда муштарак ўзбек мусиқа маданиятимиз мажмуида мусиқали драма ва мусиқали комедия жанрларининг ўзига яраша ўрни ва салоҳияти мавжуд.

Маълумки, 17-асрда Италияда опера санъати юзага келди. Мусиқага, қўшиқ, дуэт ва арияларга асосланган, мусиқасевар томошабин учун мўлжалланган театр санъати ҳам ўзида бир неча санъат турларининг хусусиятларини, ифода воситаларини акс эттирган синтез санъат тури бўлиб, қадимдан кўча томошалари замирида шаклланиб, турли ёшдаги томошабинлар учун хизмат қиладиган, қўшиқсевар, мусиқасевар томошабинларга намойиш этиладиган саъат турига айланиб қолди. Бугунги ривожланган технологиялар асрида мусиқали театр томошабинларини ўзига хос талаблари ва қонуниятларга ишонтириш учун ҳам санъат турларини барча компонентларидан ўз ўрнида оқилона фойдаланиш зарур талаблардан ҳисобланади. Гарчи барча унсурларнинг спектаклда ўзига хос ўрни бўлса-да, улар орасида энг муҳимлари борки, уларга қўйиладиган талаблар бошқаларига нисбатан кучлироқ ва масъулиятлироқ ҳисобланади. Хусусан, театрда энг муҳим компонент драматургия ҳисобланади.

Ўзбекистон халқ артисти Файзулла Аҳмедов шундай дейди: - “Драматург билан бастакорларнинг ҳамжиҳатлиги ҳақида соатлаб гапириш мумкин. Бастакор Тўхтасин Жалилов билан Собир Абдулла “Тохир ва Зухра”, “Алпомиш” мусиқали драмалари устида иш олиб борганлари ҳали ҳануз ёдимда. Барча ижодкорлар Собир Абдулланинг боғида тўпланишар, домла матнни ёзиб турсалар, Тўхтасин ака куйини басталаб ўша ернинг ўзида ижрочиларга айттириб кўрардилар. Ҳозир драматург ўзича ишлайди, бастакор ўзича. Натижада, куй ва сўз бир-бирига сингиб, уйғунлашиб кетмайди”. [1.18]

“Ўзбек мусиқали драмасининг ғарб мусиқали театри асарларидан фарқли, ўзига хос томонлари нимада? Фикримизча, энг муҳим ўзига хослик ўзбек мусиқали драмаси асосида либретто эмас, тўлақонли пьеса ётишидир. Ўзбек мусиқали театрида драматургия ҳам, мусиқа ҳам тенг ҳуқуқли асосларга эга. Яна бунинг устига ўзбек мусиқали театри ҳам сюжет, ҳам мусиқий жиҳатлари билан чуқур миллий асарлар билан алоҳида ажралиб туради. “Фарҳод ва Ширин”, “Лайли ва Мажнун”, “Тоҳир ва Зуҳра”, “Алпомиш”, “Равшан ва Зулҳумор”, “Ошиқ